

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)**PRA SIKLUS PTK**

Nama Sekolah	SMK Negeri 3 Purwokerto	
Mapel	Bahasa Jawa	
Kelas/ Semester	XII/ I	
Alokasi	1 X Pertemuan (2 X 25 menit)	
Tujuan Pembelajaran	<u>KD. 3.3</u> Memahami isi teks deskriptif tentang Pakaian Adat Jawa	<u>IPK 3.3.1 (Indikator Pencapaian Kompetensi)</u> 3.3.1 Mengidentifikasi pokok-pokok isi terkait dengan pemahaman isi bacaan teks deskriptif Pakaian Adat Jawa dengan tepat 3.3.2 Menulis teks deskriptif Pakaian Adat Jawa sesuai tema
	<ul style="list-style-type: none"> ▪ Peserta didik setelah membaca/ menyimak teks Power Point teks deskripsi mampu mengidentifikasi pokok-pokok isi teks deskriptif Pakaian Adat Jawa dengan tepat ▪ Peserta didik dapat menulis teks deskriptif Pakaian Adat Jawa sesuai tema 	
Materi Pembelajaran	Teks Deskriptif Pakaian Adat Jawa	
Model: <i>Discovery Learning</i>	Langkah-langkah Pembelajaran:	
Deskripsi: <i>Peserta didik mampu mengidentifikasi struktur dan kaidah teks deskripsi Pakaian Adat Jawa dengan tepat dan menulis teks deskripsi pakaian adat Jawa dengan bahasa yang santun</i>	A. Pendahuluan (10 menit) <ol style="list-style-type: none"> 1. Guru menyapa peserta didik, memberi dan menjawab salam melalui WAG (Collaboration, ICT) 2. Guru bersama peserta didik berdoa (Religius/ PPK) 3. Guru mengarahkan peserta didik presensi dengan memberikan link kelas XII Busana 1, (ICT) 4. Guru memotivasi peserta didik menginformasi KD, IPK, serta manfaat pembelajaran dalam kehidupan (4C) 5. Guru memandu peserta didik masuk ke dalam web pembelajaran mapel Bahasa Jawa (WAG) secara mandiri dan disiplin untuk masuk pada inti pembelajaran yang berisikan materi yang terekam otomatis saat peserta didik mengakses materi (Kemandirian, Disiplin/ PPK, STEAM) B. Kegiatan Inti (30 menit) <ol style="list-style-type: none"> 1. Stimulation (Pemberian Rangsangan) <ul style="list-style-type: none"> • Guru bertanya kepada peserta didik mengenai materi pembelajaran (Pakaian Adat Jawa) – Berpikir kritis • Guru bertanya kepada peserta didik mengenai berbagai macam teks/ karangan (Berpikir kritis) • Peserta didik membaca dan mengamati materi teks deskripsi melalui PPT yang disajikan oleh guru dengan perantara WAG (LITERASI, ICT) 	
Media: ▪ WAG		

<p>▪ PPT</p> <p>Sumber belajar:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Buku Paket/ Buku Peserta Didik 2. Bahan Ajar <p>Alat dan bahan:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. HP/ Laptop dan Komputer 2. Alat tulis <p>Penilaian:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Sikap 2. Pengetahuan 3. Keterampilan 	<p>2. Problem Statement (Identifikasi Masalah)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bertanya jawab dengan guru melalui WAG mengenai materi PPT(Berpikir kritis) • Guru membagi peserta didik dalam 5 kelompok besar (STEAM) <p>3. Data Collection (Pengumpulan Data)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik berdiskusi guna mengidentifikasi pokok-pokok isi teks deskripsi dalam Chat Grup WAG kelompok(HOTS, ICT) • Peserta didik masih dalam satu kelompok selanjutnya menulis teks deskripsi sesuai tema dan langkah-langkah yang diberikan(HOTS, ICT) <p>4. Data Processing (Pengolahan Data)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Guru memantau peserta didik yang sedang berdiskusi dengan membantu peserta didik yang kesulitan berdiskusi melalui Chat Grup WAG(ICT) • Peserta didik mengumpulkan hasil diskusi pada guru dengan diketik atau tulis tangan lalu difoto dan diunggah pada WAG (Kreatifitas, ICT) <p>5. Verification(Pemeriksaan Data)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Perwakilan tiap-tiap kelompok (bisa dipilih dan ditunjuk oleh guru) menyampaikan pokok-pokok isi teks deskripsi Pakaian adat Jawa (Kemandirian, Tanggung jawab/ PPK) • Guru menilai hasil diskusi peserta didik mengacu pada rubrik penilaian • Guru memberikan evaluasi kepada siswa berupa penugasan individu menulis teks deskripsi busana adat Jawa <p>C. Penutup (10 menit)</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Guru bersama-sama dengan peserta didik membuat refleksi/ kesimpulan tentang materi pembelajaran hari ini (HOTS, Collaboration) 2. Guru menyampaikan kepada peserta didik tentang materi pertemuan selanjutnya 3. Guru mengakhiri pembelajaran dengan memberikan motivasi belajar dan berdoa semoga apa yang disampaikan bermanfaat (Collaboration, PPK-Religius)
<p>Asesmen:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Penilaian tertulis (terlampir/ on-line) - Pengamatan pada proses pembelajaran (Rasa Ingin Tahu, Berpikir kritis) - Pengamatan diskusi, Tanya jawab, produk, portofolio, dan penugasan (Pengetahuan) - Kinerja praktik membuat pokok-pokok isi teks Deskripsi Pakaian Adat Jawa secara kelompok melalui lembar LKPD (Ketrampilan dan Tanggung Jawab) 	

Mengetahui
Kepala Sekolah

Dra. Niken Malasiyanti
NIP 19631020 199501 2 003

Purwokerto, 21 Oktober 2020
Guru Mata Pelajaran,

Nugroho Janu M., S.S,S.Pd.
NIP



DI YOGYAKARTA

GLADHEN 4

TEKS DESKRIPSI

BUSANA ADAT JAWA



JAWA TENGAH

Dening:

NUGROHO JANU M.,
S.S., S.Pd.

SMK NEGERI 3 PURWOKERTO

PPG DALJAB BAHASA JAWA UNS TAHUN 2020

PIWULANG 3 TEKS DESKRIPSI BUSANA ADAT JAWA

Kompetensi Dasar	Indikator Pencapaian Kompetensi
3.4 Memahami isi teks deskriptif tentang pakaian adat Jawa	<p>3.4.1 Peserta didik dapat mengidentifikasi pokok-pokok isi terkait dengan pemahaman isi bacaan teks deskriptif pakaian adat Jawa dengan tepat</p> <p>3.4.2 Peserta didik dapat menulis teks deskriptif pakaian adat Jawa sesuai tema</p>
4.4 Menanggapi isi dan menceritakan kembali teks deskriptif tentang pakaian adat Jawa	<p>4.4.1 Peserta didik dapat menanggapi isi teks deskriptif pakaian adat Pati dengan memperhatikan diksi, konteks dan norma berbahasa secara tulisan</p> <p>4.4.2 Peserta didik dapat menceritakan kembali teks deskriptif busana adat Pati menggunakan ragam dan unggah-ungguh basa melalui tulisan</p>

KD 3.4 Memahami Isi Teks Deskriptif tentang Pakaian Adat Jawa

Pituduh kagem guru:

Kegiatan 1 dicakaken kangge miwiti piwulang inti. Bapak/Ibu guru saged ngarah-araha para siswa supaya ndamel kelompok. Bapak/Ibu guru paring wekdal kangge para siswa ngrembag wosipun teks deskripsi ngenani busana adat Jawa. Para siswa dipunajak nindakaken kegiatan kasebut kanthi cara nemataken, taken, nglumpukaken informasi, lan ngandharaken.

Pituduh kangge siswa:

Kangge kegiatan 1 ing ngandhap menika katindakaken sasagede! Ampun ajrih bilih kangelan lan ampun airih lepat!

Pakaryan 1

Judul kegiatan	: Ngandharaken Wosipun Pethikan Teks Deskripsi
Jinis kegiatan	: Kegiatan Kelompok
Tujuan kegiatan	: Para siswa gladhen ngandharaken wos pethikan teks deskripsi ngenani busana adat Jawa

Tindakna bebarengan kegiatan-kegiatan ing ngandhap menika!

1. Maos Batin

Waosana tuladha teks Deskriptif Busana Adat Jawa ing ngandhap menika!

Teks Deskripsi**BATIK**

Busana Batik minangka wujud warisan budaya adiluhung Indonesia ingkang sampun misuwur wonten manca nagari, ugi sampun katetepaken minangka Warisan Dunia dening UNESCO. Batik ugi saged nedahaken status wonten bebrayan Jawa. Wonten batik ingkang saged dipunginakaken sedaya bebrayan Jawa saha wonten jinis batik ingkang ngagem namung pangageng/ panguwasa kraton (kulawarga kraton).

Ing tlatah Yogyakarta, Surakarta, Pekalongan, saha Cirebon saged dipunpanggihi pengrajin bathik. Bathik gagrag Surakarta wonten bentenipun kaliyan bathik gagrag Pekalongan. Semanten ugi gagrag Ngayogyakarta, menapa malig gagrag Cirebon. Saben tlatah anggadhahi ciri khas piyambak-piyambak.

Batik Surakarta limrahipun ngangge kain kanthi warni sogan, campuran antawisipun werni coklat enem, coklat tuwa, coklat radi kuning, coklat radi cemeng, saha coklat radi abrit (dhasaripun krem utawi coklat).

Motif batik Surakarta ingkang namung asal dipunginakaken kagem kulawarga kraton, inggih menika motif Parang, amargi motifipun maneka warni, kados motif parang barong, minangka “pengageman dalem”; parang glendreh, minangka ageman permaisuri/ garwanipun raja, sarta parang klitik, motif parang kang paling alit, amargi mliginipun dipunagem putra-putri raja.

Bathik wonten Kraton Yogyakarta, anggadhahi ciri khas wonten werni dhasaripun, inggih menika werni pethak. Pola-pola geometrinipun ugi katingal ageng-ageng. Ing antawisipun, dipuntambah parang utawi nitik.

Corak bathik limrahipun namung dipunagem dening para trahing leluhur kraton wonten tanah Jawi. Nalika semanten, bathik kaanggep barang ingkang anggadhahi aji, pramila namung dipunagem dening para piyantun (trahing luhur/ ningrat). Bab menika amargi para piyantun namung saged mundhut, saha reginipun kalebet awis.

Wonten kathah panemu gegayutan kaliyan busana bathik. Bathik dipunpercados saged nuwuhaken kahanan religius magis. Pramila bathik ingkang mligi namung dipunagem dening para piyantun kraton. Para kawula boten angsal ndherek ngagem. Miturut arsip Kraton Ngayogyakarta, rumiyin, bathik gagrag semen, cemungkiran saha udan riris dipunwastani bathik kagunganipun kratoningkang namung saged dipunagem dening para raja, piyantun agung, punggawa, sarta para sutresna dalem kraton.

Rikala semanten, bathik menika minangka simbol status sosial masyarakat wonten ing bebrayan agung. Corak bathik menika, ugi wonten maneka werninipun, tuladhanipun kawung/ ceplok, parang, sarta truntum. Ananging ingkang limrah dipunagem utawi paling misuwur inggih menika bathik kanthi motif parang, amargi motif kasebut namung kagem para satriya utawi ingkang dados panguwasa (raja, ratu), sarta putranipun. Kajaba saking menika, motif kasebut anggadhahi pangertosan minangka drajad sarta pangkatipun tiyang ingkang ngagem.

Sumber:

Buku Trampil Basa SMA/ SMK Kelas XII-Mediatama

2. Nemitokaken Pokok-pokok Wosipun Teks

Para siswa sasampunipun maos teks deskripsi, lajeng damel pakaryan kaliyan kelompok ingkang sampun kawangun dening Bapak/ Ibu Guru kangge nemitokaken pokok-pokok wosipun teks.

3. Nyerat Teks Deskriptif Busana Adat Jawa adhedhasar Tema

Para siswa lan kelompok cobu ndamel teks deskripsi ingkang gegayutan kaliyan Busana Adat Jawi kanthi **milih salah satunggaling irah-irahan** wonten ngandhap menika!!!

1. **Blangkon**
2. **Ageman Kakung**
3. **Keris**
4. **Ageman Putri**
5. **Jarik**
6. **Selop**
7. **Bathik**

Cobu dipunrembag kaliyan kanca kelompok babagan nyerat teks deskripsi kasebut, nuli nggayutaken langkah-langkahipun!

**KD 4.4 Menanggapi isi dan menceritakan kembali teks Deskriptif
tentang Pakaian Adat Jawa****Pakaryan 2****1. Nanggapi Wosipun teks Deskripsi Adat Jawa (Busana Pati)**

Rembagana kaliyan kanca kelompokmu (kelompok kang wus kasusun) adhedhasar video busana adat Jawa (Busana Pati) banjur damel teks deskripsi gegayutan busana Kakung saha busana Putri nuli nggatosaken unggah-ungguhing basa (ragam Krama)!

Pakaryan 3**2. Nyariosaken (nyerat) Teks Deskripsi Ngenani Busana Adat Jawa (Busana Pati)**

Langkah-langkah nyerat teks deskripsi:

- Nemtokaken bab ingkang badhe kaandharaken
- Ngempalaken katrangan kanthi premati ingkang badhe dipunserat
- Nyerat perangan-perangan bab kanthi tlesih.
- Nyerat kasil kanthi urutan, gamblang lan migunakake tembung-tembung kang trep.
- Naliti lan ngleresake ukara dados karangan ingkang sae.

Gambar ingkang kapilih kalawau dipundamel teks deskripsi busana adat Pati kanthi nggatosaken ragam diksi lan unggah-ungguh basa (ragam Krama) ingkang trep

Rangkuman

1. Teks Deskripsi inggih menika menika teks utawi karangan kang nggambaraken, njlentrehaken kahanan objek (panggenan, tiyang, barang, proses) kanthi gamblang, detail, kados kasunyatanipun.
2. Titikanipun teks deskripsi anggadhahi teges perincian utawi gambaran. Merinci tegese nggambarake perkara tartamtu. Caranipun nyerat deskripsi, siswa ngamati (ngemati kanthi premati) objek kang didadosake sumber seratan. Objek kang dirinci/digambarake saged samubarang; barang, proses, prastawa, pawongan, kewan, taneman, lingkungan, alam, lsp.
3. Langkah ndamel karangan deskripsi, inggih menika ngertos bab menapa ingkang badhe dipunrembag, madosi data/ objek, lajeng dipunanalisis kanthi urutan, gamblang lan migunakake tembung-tembung kang trep.

Daftar Pustaka

- Widiyani, Sri dan Slamet Mulyono. 2015. Trampil Basa. Surakarta: Mediatama. (Kanthi ewah-ewahan sawatawis)
- Gandung, dkk. 2010. Prigel Basa Jawa. Jakarta: Erlangga. (Kanthi ewah-ewahan sawatawis)
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. Baoesastra Djawa. Batavia: J. B. Wolters Uitgevers Maatschappij.
- Modul “Wirausaha Budaya Jawa”, pada Kegiatan Belajar 3 Jenis lan adat Tradisi Jawa, PPG Unnes Bahasa Jawa Angkatan 2 Tahun 2020.

Pakaryan 1

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

“Teks Deskripsi Busana Adat Jawa”

Kelompok :

Nama

Anggota :

1.
2.
3.
4.
5.

Kompetensi Dasar	Tujuan Pembelajaran
KD 3.3 Memahami isi teks deskriptif tentang Pakaian adat Jawa	341 3.3.1 Peserta didik dapat mengidentifikasi pokok-pokok isi terkait dengan pemahaman isi bacaan teks deskripsi pakaian adat Jawa dengan tepat 342 Peserta didik dapat menulis teks deskriptif pakaian adat Jawa sesuai tema

Pitedah kang mirunggan:

1. Para siswa nyerat kelompok lan nama rumiyin
2. Para siswa maos kanthi premati teks deskripsi ingkang sampun sumadya
3. Para siswa dhiskusi nemtokaken pokok-pokok wosipun teks deskripsi Busana Adat Jawa
4. Pakaryan dipunlajengaken ndamel teks deskripsi Busana Adat Jawa adhedhasar tema nuli merhatosaken langkah-langkahipun
5. Pokok-pokok wos sarta pakaryan sanesipun ingkang sampun kecepeng dipunserat wonten lembar tugas
6. Tugas saged dipunketik utawi seratan asta
7. Menawi nemahi bingung anggenipun garap, saged nyuwun pirsu kaliyan ibu guru, nanging kedah usaha garap rumiyin
8. Menawi sampun, asil pakaryan dipun-*upload* lumantar *Microsoft Teams* supados dipunbiji

Teks Deskripsi 1

BATHIK

Busana Batik minangka wujud warisan budaya adiluhung Indonesia ingkang sampun misuwur wonten manca nagari, ugi sampun katetepaken minangka Warisan Dunia dening UNESCO. Batik ugi saged nedahaken status wonten bebrayan Jawa. Wonten batik ingkang saged dipunginakaken sedaya bebrayan Jawa saha wonten jinis batik ingkang ngagem namung pangageng/panguwasa kraton (kulawarga kraton).

Ing tlatah Yogyakarta, Surakarta, Pekalongan, saha Cirebon saged dipunpanggihi pengrajin bathik. Bathik gagrag Surakarta wonten bentenipun kaliyan bathik gagrag Pekalongan. Semanten ugi gagrag Ngayogyakarta, menapa malig gagrag Cirebon. Saben tlatah anggadhahi ciri khas piyambak-piyambak.

Batik Surakarta limrahipun ngangge kain kanthi warni sogan, campuran antawisipun werni coklat enem, coklat tuwa, coklat radi kuning, coklat radi cemeng, saha coklat radi abrit (dhasaripun krem utawi coklat).

Motif batik Surakarta ingkang namung asal dipunginakaken kagem kulawarga kraton, inggih menika motif Parang, amargi motifipun maneka warni, kados motif parang barong, minangka “pengageman dalem”; parang glendreh, minangka ageman permaisuri/ garwanipun raja, sarta parang klitik, motif parang kang paling alit, amargi mliginipun dipunagem putra-putri raja.

Bathik wonten Kraton Yogyakarta, anggadhahi ciri khas wonten werni dhasaripun, inggih menika werni pethak. Pola-pola geometrinipun ugi katingal ageng-ageng. Ing antawisipun, dipuntambah parang utawi nitik.

Corak bathik limrahipun namung dipunagem dening para trahing leluhur kraton wonten tanah Jawi. Nalika semanten, bathik kaanggep barang ingkang anggadhahi aji, pramila namung dipunagem dening para piyantun (trahing luhur/ ningrat). Bab menika amargi para piyantun namung saged mundhut, saha reginipun kalebet awis.

Wonten kathah panemu gegayutan kaliyan busana bathik. Bathik dipunpercados saged nuwuhaken kahanan religius magis. Pramila bathik ingkang mligi namung dipunagem dening para piyantun kraton. Para kawula boten angsal ndherek ngagem. Miturut arsip Kraton Ngayogyakarta, rumiyin, bathik gagrag semen, cemungkiran saha udan riris dipunwastani bathik kagunganipun kratoningkang namung saged dipunagem dening para raja, piyantun agung, punggawa, sarta para sutresna dalem kraton.

Rikala semanten, bathik menika minangka simbol status sosial masyarakat wonten ing bebrayan agung. Corak bathik menika, ugi wonten maneka werninipun, tuladhanipun kawung/ ceplik, parang, sarta truntum. Ananging ingkang limrah dipunagem utawi paling misuwur inggih menika bathik kanthi motif parang, amargi motif kasebut namung kagem para satriya utawi ingkang dados panguwasa (raja, ratu), sarta putranipun. Kajaba saking menika, motif kasebut anggadhahi pangertosan minangka drajad sarta pangkatipun tiyang ingkang ngagem.

Sumber:

Buku Trampil Basa SMA/ SMK Kelas XII-Mediatama

2. Nemtokake Pokok-pokok Wosipun Teks

Para siswa sasampunipun maos teks deskripsi, lajeng damel pakaryan kaliyan kelompok ingkang sampun kawangun dening Ibu Guru kangge nemtokaken pokok-pokok wosipun teks.

Ayo sesarengan madosi lan nyerat pokok-pokok wosipun teks kasebut!

Tuladha:

Teks Deskripsi	Teks	Pokok-pokok Wos
1	<p>Busana Bathik minangka wujud warisan budaya adiluhung Indonesia ingkang sampun misuwur wonten manca nagari, ugi sampun katetepaken minangka Warisan Dunia dening UNESCO. Wonten bathik ingkang saged dipunginakaken sedaya bebrayan Jawa saha wonten jinis bathik ingkang namung dipunagem pangageng/ panguwasa kraton (kulawarga kraton). Bathik wonten tlatah Yogyakarta anggadhahi ciri khas, werni dhasaripun werni pethak. Pola-pola geometrinipun ugi ketingal ageng-ageng, ing antawisipun dipunjangkepi parang utawi nitik. Ewadene bathik Surakarta corak werni dhasaranipun krem utawi coklat. Corak/ motif bathik, antawisipun semen, cemungkiran, udan riris, kawung/ ceplok, parang, saha truntum. Motif bathik ugi anggadhahi artos, minangka nedahaken status wonten bebrayan Jawi.</p>	<p>Busana bathik mujudaken warisan budaya adiluhung Indonesia ingkang sampun katetepaken dados Warisan Dunia dening UNESCO.</p>
2
3
Wangsulan salajengipun kados tuladha!		

3. Nyerat Teks Deskriptif Busana Adat Jawa adhedhasar Tema

Para siswa lan kelompok cobo ndamel teks deskripsi ingkang gegayutan kaliyan Busana Adat Jawi kanthi **milih salah satunggaling irah-irahan**_wonten ngandhap menika!!!

1. **Blangkon**
2. **Ageman Kakung**
3. **Keris**
4. **Ageman Putri**
5. **Jarik**
6. **Selop**
7. **Bathik**

Cobo dipunrembag kaliyan kanca kelompok ngenani nyerat teks deskripsi busana aadat Jawa kanthi tema ing nginggil menika, nuli nggayutaken langkah-langkahipun!

*******Sugeng Makarya*******

* **Teks
Deskripsi
Busana Adat
Jawa**

Dening:

Nugroho Janu M., S.Pd

* Jinising wacan / karangan

- * Deskripsi : karangan kang isine nggambarake (keadaan) kahanan panggonan, wong, utawa watak.
- * Eksposisi : karangan kang isine jlentrehake (memaparkan), biasane ana tabel, gambar utawa grafik, bisa saka hasil penelitian utawa statistik.
- * Narasi : karangan kang njlentrehake kedadeyan kanthi urutane wektu kang runtut (kawiwitan) kanthi pungkasan / awal nganti akhir.
- * Argumentasi : tulisan / karangan kang isine menehi panemu (pendapat) supaya sing maca yakin / percaya, biasane ana pendapat / referensi / teorine wong ahli.
- * Persuasi : tulisan / karangan kang isine mbujuk supaya sing maca melu / nuruti, biasane rada keluwihan (berlebihan).

1. Ruangan :
- Ruangan paturon
 - Ruangan kelas
 - Pos rondha
 - Gerbong kereta api
 - lsp.

***Kang bisa
dideskripsikake**

2. Barang :
- tas
 - spidol
 - kembang
 - meja
 - lsp.

3. Proses :
- proses mangkat sekolah
 - proses anggone lunga piknik
 - lsp.

Kompetensi Dasar	Indikator Pencapaian Kompetensi
3.4 Memahami isi teks deskriptif tentang pakaian adat Jawa	<p>3.4.1 Peserta didik dapat mengidentifikasi pokok-pokok isi terkait dengan pemahaman isi bacaan teks deskripsi pakaian adat Jawa dengan tepat.</p> <p>3.4.2 Peserta didik dapat mengaitkan relevansi nilai-nilai yang terkandung di dalamnya dengan kondisi masyarakat saat ini.</p>
4.4 Menanggapi isi dan menceritakan kembali teks deskriptif tentang pakaian adat Jawa	<p>4.4.1 Peserta didik dapat menanggapi isi teks deskriptif pakaian adat Jawa secara lisan dengan memperhatikan diksi, intonasi dan pelafalan yang tepat.</p> <p>4.4.2 Peserta didik dapat menceritakan kembali (menulis) teks deskriptif pakaian adat Jawa dengan tepat.</p>

Tuladha Teks Deskripsi

Busana Adat Jawa

Busana adat Jawa minangka busananipun piyantun saking tlatah Jawa Tengah, Jawa Timur, saha Ngayogyakarta. Jawa kilen sampun benten, amargi menika mlebet wonten Kraton Pajajaran. Busana adat Jawa kalebet saperangan budaya. Ewadene pangagemipun busana ing wekdal jaman samenika tumrap bebrayan agung boten sentana dalem kraton, anamung nalika wonten pawiwahan busaya adat manten Jawa. Sanes adicara adat manten, wonten dhaerah tartamtuugi sawatawis ngagem busana Jawa, umpami bocah tetakan, ruwatan, lsp.

Tuladha Teks wonten Waosan

Teks Deskripsi 1

BATIK

Busana Batik minangka wujud warisan budaya adiluhung Indonesia ingkang sampun misuwur wonten mancanagari, ugi sampun katetepaken minangka Warisan Dunia dening UNESCO. Batik ugi saged nedahaken status wonten bebrayan Jawa. Wonten batik ingkang saged dipunginakaken sedaya bebrayan Jawa saha wonten jinis batik ingkang ngagem namung pengageng/panguwasa kraton (kulawarga kraton).

1. Nemtokake Pokok-pokok Wosipun Teks

Tuladha:

Paragraf	Teks	Pokok-pokok Wos
1	Busana Batik minangka wujud warisan budaya adiluhung Indonesia ingkang sampun misuwur wonten manca nagari, ugi sampun katetepaken minangka Warisan Dunia dening UNESCO. Batik ugi saged nedahaken status wonten bebrayan Jawa. Wonten batik ingkang saged dipunginakaken sedaya bebrayan Jawa saha wonten jinis batik ingkang ngagem namung pengageng/ panguwasa kraton (kulawarga kraton).	Busana batik mujudaken warisan budaya adiluhung Indonesia ingkang sampun katetepaken minangka Warisan Dunia dening UNESCO

Paragraf salajenge, damel kados tuladhane!

Gegayutanipun Pitutur Luhur ing Teks kaliyan Kahanan Bebrayan Wekdal Samenika

Tuladha:

Wangsulana kados tuladhanipun!

No.	Pitutur Luhur	Gegayutane karo Kahanan Bebrayan
1	Bathik menika minangka simbol status sosial masarakat wonten ing bebrayan agung	Nalika semanten, bathik kaanggep barang aji, pramila namung diagem dening para piyantun saha kerajaan amargi reginipun awis. Ing wekdal samenika, sinten kemawon saged ngagem bathik amargi reginipun maneka warni, wonten ingkang awis ngantos mirah. Bathik ugi cocok diagem dening sedaya kalangan.
2.
3.

MATURNUWUN